

LÈT ENFÒMASYON POU MANM YO

Fè konnen ou renmen nou oswa suiv nou!

Jwenn dènye enfòmasyon pou manm yo, konsèy pou sante w ak byennèt ou, enfòmasyon sou evènman k ap fèt nan kominote w, resous ki itil ak plis bagay toujou.



@AmeriHealthCaritasOhio



@AmeriHealthCaritasOhio



@AmeriHealthCaritasOhio



@AmeriHealthOhio

Nan nimewo sa a

Pran yon randevou telemedsin 2

Jwenn rekonpans pandan w ap
travay pou rete an sante 3

Fason pou renouvle benefis ou yo 4

Pran randevou pou yon egzamen
pou tèt ou ak pitit ou 6 – 7

Sekirite nan dlo a 8



Èske ou gen kèk pwojè pou sezon ete a?

Nou pral nan Ohio State Fair soti
23 jiyè rive 3 out!

Nou gen yon sant mobil pou byennèt ak opòtinite ki modèn anpil e ki pral la, toupre Kiddieland. Epitou, n ap travay ansanm avèk plizyè Infant Care & Nursing Stations ki pral la pandan evènman sa a. Vin vizite nou. Nou espere n ap kapab wè!



Pa ret tann: jwenn swen rapid grasa MDLIVE!

Si w santi w malad, chita nan yon sal datant oswa eseye jwenn yon randevou kay doktè w se pa bagay ki enteresan ditou. Se pou rezon sa a AmeriHealth Caritas Ohio kouvri randevou telemedsin pou manm nou yo atravè MDLIVE. Ou kapab itilize sèvis sa a olye ou ale kay doktè a. Nou kapab fè w jwenn yon randevou vityèl ki pratik avèk yon pwofesyonèl sante ki gen lisans, kèlkeswa kote ou ye a!

Epitou, ou kapab itilize sèvis telemedsin MDLIVE nou yo si w pa vle rele liy asistans enfimye 24/7 nou an.

Poukisa pou ou chwazi telemedsin?

- Li pa koute w anyen. AmeriHealth Caritas Ohio kouvri vizit MDLIVE ou yo 100%!
- Se yon metòd vityèl ki pèmèt ou jwenn swen sante ou bezwen yo 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan moman ou bezwen yo.
- Ou pa p ret chita nan yon sal datant. Rete alèz kote ou ye a epi pale avèk yon doktè.
- Jwenn yon tretman ki rapid e ki efikas. Pwofesyonèl sante MDLIVE yo kapab bay dyagnostik, yo kapab rekòmande tretman epi yo menm kapab voye preskripsyon nan famasi ou prefere a (depi sa nesesè pou rezon medikal).
- Se yon metòd ki pratik e ki fasil. Sèl sa ou bezwen se yon telefòn, yon tablèt oswa yon òdinatè ki gen yon kamera e ki konekte ak Entènèt.

Pou ki pwoblèm MDLIVE ka ede mwen?

Pwofesyonèl sante MDLIVE yo kapab ede w lè ou gen diferan pwoblèm sante ki komen, tankou:

- Sentòm rim, grip ak COVID-19
- Alèji ak pwoblèm sinis
- Malgòj, tous ak difikilte pou respire
- Vant fè mal, konstipasyon ak dyare
- Doulè nan zòrèy ak malojè
- Iritasyon sou pio a ak mòde ensèk
- Enfeksyon nan kannal pipi a (UTI) ak enfeksyon chanpiyon
- Ak lòt bagay ankò!

Kijan pou m itilize MDLIVE?

- Telechaje aplikasyon MDLIVE la nan boutik Google Play oswa nan App Store.
- Ale sou www.mdlive.com/acoh.
- Rele nan **1-888-743-6582**.
- Voye mesaj ACOH bay **635483** (ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt).



Liy enfimye 24/7 la:

Ou ka toujou rele liy asistans enfimye a nan nimewo gratis nou an. Enfimye nou yo ka ba w konsèy lè pwofesyonèl sante w la pa disponib. Enfimye anrejistre nou yo disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Si w gen yon ijans, tanpri rele **911**.

Kounye a, ou kapab jwenn linèt ak monti nan magazen Walmart lokal ou a

Benefis vizyon ou jwenn nan men AmeriHealth Caritas Ohio a kouvri linèt ak monti nan nenpòt Walmart Vision Center nan Ohio san sa pa koute w anyen. Genyen anpil optometris ki vin fè pati rezo a. Verifye si doktè je w fè pati rezo a: Ale sou www.amerihhealthcaritasoh.com/provider/find-provider/index.aspx epi klike sou **Search** pou chèche yon pwofesyonèl sante.

Èske ou gen kesyon? Èske ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon? Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**), 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Èske ou te konnen ou kapab jwenn rekonpans pandan w ap travay pou rete an sante?



Jwe yon jwèt mobil sou aplikasyon Motivv la.

AmeriHealth Caritas Ohio kontan anonse li gen yon nouvo pwogram nan tout Eta a. Jwe jwèt mobil ki pa gen reklam ladan yo, reponn kèk kesyon jeneral sou lasante epi jwenn rekonpans sou kat CARE a san sa pa koute w anyen!*

1. Ale sou App Store oswa Google Play.
2. Chwazi youn nan jwèt Motivv Health Studios, LLC ofri yo epi telechaje li.
3. Kreye kont ou. W ap bezwen nimewo idantifikasyon manm AmeriHealth Caritas Ohio w la. Kòd aktivasyon an se **ACOH**.
4. Kòmanse jwe epi jwenn kòb sou kat CARE w la.

Fè kèk aktivite ki bon pou sante w pou jwenn rekonpans sou kat CARE w la.

Men kèk aktivite ki bon pou sante w ki ka fè w kalifye:

- Sondaj sante ou gen pou ranpli chak ane a (\$50 chak ane)
- Egzamen woutin pou adilt (\$40 chak ane)
- Vizit swen pòs-patòm (\$50 pou chak vizit)
- Depistaj kansè sèvikal (\$50 chak ane)
- Vizit swen prenatal (\$25 pou chak vizit pou yon total \$175)

Ou kapab sèvi ak kat CARE w la nan plis pase 2,700 magazen nan Ohio!

Men ki diferan bagay ou ka achte ak kat CARE w la:

- | | | | |
|-----------------------------------|------------------------|-----------------------------------|-----------------|
| • Pansman adezif | • Ratelye | ak kondisyonè | • Bwason spò |
| • Pirifikatè lè | • Dezodoran | • Krèm ak jilèt pou fè bab | • Krèm solè |
| • Kouchèt ak ti sèvyèt pou tibebe | • Bwat premye sekou | • Savon ak savon likid pou benyen | • Bwòsadan |
| • Losyon pou kò | • Likid pou lave bouch | | • Pat dantifris |
| | • Chanpou | | |

* Gen kèk restriksyon ak limit ki ka aplike. Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**), 24 sou 24, 7 jou sou 7, pou jwenn plis enfòmasyon.



Ou gen anpil enpòtans pou nou! Renouve benefis ou yo pandan toujou gen tan pou fè sa

Petèt ou te resevwa yon fòm egzamen ki sipoze ranpli chak ane nan men Depatman Sèvis Travay ak Sèvis pou Fanmi Konte w la (County Department of Job and Family Services, CDJFS) pa lapòs.

Ranpli fòm nan tousuit pou kontinye resevwa benefis AmeriHealth Caritas Ohio yo san rete. Si w pa voye li tounen anvan dat limit la, ou menm ak/oswa pitit ou yo ka pèdi asirans Medicaid ou. Men ki diferan fason ou kapab renouvle:



- **Pa lapòs:** Ranpli epi voye fòm egzamen ki sipoze ranpli chak ane a tounen ansanm ak kopi dokiman w yo bay biwo CDJFS lokal ou a.



- **Nan telefòn:** Rele biwo CDJFS lokal ou a oswa rele Sèvis Pataje Konte a (County Shared Services) nan **1-844-640-6446**, lendi pou vandredi, soti 8 a.m. rive 4 p.m.



- **Sou Entènèt:** Se metòd ki pi rapid la pou renouvle asirans Medicaid ou a.
 - Ale sou **<https://ssp.benefits.ohio.gov>** epi mete ajou kont ou an sou pòtay lib-sèvis pou benefis Ohio a (Self Service Portal, SSP).
 - Si w poko janm enskri, chwazi **Sign Up**.
 - Si w te enskri deja, chwazi **Log In**.
 - Klike sou ikòn **Access my Benefits**, klike sou **Report a Change to my Case** nan lis la epi suiv enstriksyon ki afiche yo.



- **An pèsòn:** Ou kapab pote yon kopi fòm egzamen ki sipoze ranpli chak ane a nan yon biwo CDJFS lokal. Pou jwenn yon biwo ki toupre w, konsilte lis sit CDJFS yo sou **<https://medicaid.ohio.gov/home/update-contact-info/select-county-dropdown>** epi chwazi konte w la nan lis la. Ranpli fòm egzamen ki sipoze ranpli chak ane a epi **voye l tounen anvan dat limit la**.

Benefis pou soutni w ak tibebe w

AmeriHealth Caritas Ohio genyen plizyè zouti ki disponib pou ede w rete an sante pandan gwosès ou e pou ede w akouche nan moman gwosès la sipoze fini. Pwogram Bright Start® nou an ede w rete an sante pandan ou ansent. Epitou, nou ofri w yon bwat ki gen yon seri atik k ap ede w prepare pou nesans tibebe w la. Pwogram nan bay enfòmasyon nan domèn sa yo:

- Manje kòmsadwa
- Pran vitamin prenatal ou yo
- Resevwa swen medikal lè ou menm ak tibebe w k ap grandi a bezwen sa
- Evite dwòg, alkòl ak fimèn
- Al kay dantis ou pou jansiv ou yo ka rete an sante

Jesyonè swen nou yo pral travay avèk doktè w yo pou ou ka jwenn swen ou bezwen yo. Nou kapab ba w enfòmasyon oswa fè w jwenn lòt sèvis, tankou:

- Manje ak rad
- Transpò
- Pwogram Women, Infants, and Children nan (WIC)
- Sipò pou moun ki sibi vyolans nan fanmi
- Bay timoun tete
- Swen a domisil
- Ede w konprann emosyon w yo, tankou siy ak sentòm ki mache ak depresyon pòs-patòm nan

Bwat akèy nan pwogram Bright Start la gen bagay sa yo ladan l:

- Yon sak pou dòmi ak enfòmasyon pou ede w kreye yon espas kote tibebe w ap ka dòmi an sekirite
- Souson
- Ti twal pou mete sou tete w pou lè yo koule
- Yon senti pou kenbe tibebe w ak yon bwat pwodui sante
- Yon liv pou tibebe w ak yon liv aktivite pou lòt timoun ki nan kay la



Sèvis doula:

AmeriHealth Caritas Ohio ofri sèvis doula pou manm ki ansent yo oswa ki nan peryòd pòs-patòm nan. Doula yo dwe gen yon kontra avèk AmeriHealth Caritas Ohio pou plan sante w lan kouvri sèvis yo.

Yon doula se yon pwofesyonèl ki pa travay nan domèn medikal, men ki jwenn yon fòmasyon e k ap travay pou defann e pou soutni moun ki ansent yo.¹ Li kapab ede w anvan, pandan ak apre akouchman an nan domèn sa yo:

- Enfòmasyon sou sante emosyonèl ou ak sante fizik ou
- Resous pou tranche ak sipò pòs-patòm
- Konsèy pou bay timoun tete ak laktasyon

Doula yo pa bay konsèy medikal ni yo pa fè okenn travay klinik.

Establi nan lojman ak finansman fleksib

AmeriHealth Caritas Ohio vle pou manm nou yo jwenn lojman ki gen sekirite pou yon pri yo ka peye. Pwogram sa a la pou soutni w ak tibebe w lè nou fè fas ak yon sitiyasyon ijans ki parèt sanzatann parapò ak lojman w.

Ou kapab travay avèk yon kowòdinatè lojman pou yon maksimòm 12 mwa epi ou ka jwenn jiska \$750 pou depans ou fè pou lojman w ak nan sitiyasyon ijans. Finansman an depann de bezwen pèsonèl ou yo. Li ka gen ladan l:

- Kòb yo mande pou aplikasyon an
- Depo garanti yo mande pou antre nan lojman an
- Kabann, matla ak atik pou netwaye kay la

* Gen kèk restriksyon ak limit ki ka aplike.

¹ "Douglas," Ohio Board of Nursing, <https://nursing.ohio.gov/licensing-and-certification/types-of-applications/doulas>, yon resous nou te konsilte nan dat 4 avril 2025.



Kounye a se moman pou pran randevou pou egzamen woutin pitit ou a pou pwochen ane eskolè a

Planifye sa ki nesesè a epi pran randevou pou egzamen woutin pitit ou a! Yon egzamen woutin pou timoun ka fè l jwenn anpil bagay li bezwen nan domèn sante, selon laj pitit ou a. Men kèk ladan yo:

- Vaksen (piki)¹
 - Yo bay diferan vaksen selon laj timoun nan. Ni tibebe yo, ni timoun yo, ni adolesan yo bezwen vaksen. Vaksen yo ka pwoteje pitit ou a kont maladi ki grav. Mande pwofesyonèl sante pitit ou a si moman an vini pou l pran vaksen.
- Yon egzamen fizik. American Academy of Pediatrics la rekòmande pou timoun yo:²
 - Al kay doktè yo nan premye semèn apre yo fèt la epi pou yo ale kay doktè yo nan mwa sa yo apre nesans yo: 1, 2, 4, 6, 9, 12, 15, 18, 24 ak 30.
 - Ale nan yon egzamen woutin chak ane ant laj 3 ak 21 lane.
- Tès depistaj ki apwopriye pou laj yo, tankou tès vizyon, tès odisyon, depistaj plon, tès kolestewòl, kontwòl presyon ateryèl ak depistaj otis
- Yon evalyasyon sante emosyonèl
- Pou adolesan yo, tan pou yo pale sou sa ki gen rapò avèk bwè alkòl, itilize tabak, pran dwòg, aktivite seksyèl, depresyon ak anksyete

Lè ou pran randevou epi ou asiste egzamen woutin sa yo pou tibebe yo, timoun yo ak jèn adilt yo, ou kapab jwenn rekonpans sa yo sou kat CARE w la:

- | | |
|---|---------------------------------------|
| • Laj 0 rive 15 mwa (\$20 pou chak vizit pou yon total \$120) | • Laj 3 rive 11 lane (\$30 chak ane) |
| • Laj 16 rive 30 mwa (yon vizit, \$30) | • Laj 12 rive 21 lane (\$50 chak ane) |

¹“Immunizations,” American Academy of Pediatrics (AAP), <https://www.aap.org/en/patient-care/immunizations/?srsltid=AfmBOOpTtVqvaTUADzFmKLPzDSP-fXVCnVWW--tTXk7svhNVNMqnuagf>, yon resous nou te konsilte nan dat 2 avril 2025.

²“AAP Schedule of Well-Child Care Visits,” AAP, <https://www.healthychildren.org/English/family-life/health-management/Pages/Well-Child-Care-A-Check-Up-for-Success.aspx>, yon resous nou te konsilte nan dat 2 avril 2025.

Adilt yo bezwen pran randevou pou vizit pa yo tou

Yon pati ki enpòtan nan swen sante prevantif yo se fè depistaj epi ale nan egzamen woutin ou chak ane. Pou tout adilt yo, egzamen sante ki fèt regilyèman yo ak depistaj sante ki apwopriye pou lay yo ka ede yo amelyore sante yo. Gade lis ki vin annapre a pou konnen ki vizit ou bezwen selon laj ou:^{1,2}

Laj	Kisa	Kilè	Tout adilt yo
18 lane oswa plis	Presyon ateryèl	1 fwa chak ane	X
18 lane oswa plis	Egzamen tete ou fè poukont ou	1 fwa chak mwa	X
18 lane oswa plis	Egzamen dantè	1 fwa chak ane	X
18 lane oswa plis	Egzamen bouch ou fè poukont ou	1 fwa chak ane	X
18 lane oswa plis	Vaksen rapèl pou tetanòs	Chak 10 lane	X
18 lane oswa plis	Egzamen fizik	1 fwa chak ane	X
18 lane oswa plis	Egzamen po ou fè poukont ou	1 fwa chak mwa	X
30 – 49 lane 50 lane oswa plis	Elektwokadyografi (EKG)	Chak 2 lane 1 fwa chak ane	X
40 lane oswa plis	Tès san kache nan poupou	1 fwa chak ane	X
45 lane oswa plis	Radyografi pwatrin	Mande pwofesyonèl sante prensipal ou (PCP)	X
Mande PCP w	Analiz san	Mande PCP w	X
Mande PCP w	Egzamen kolorektal	Mande PCP w	X
Mande PCP w	Analiz pipi	Mande PCP w	X

Laj	Kisa	Kilè	Fi
13 lane oswa plis	Egzamen woutin kay jinekòlòg la (GYN)	1 fwa chak ane	X
16 – 24	Depistaj klamidyòz	1 fwa chak ane (mande PCP w oswa GYN ou)	X
18 lane oswa plis	Egzamen tete klinik	1 fwa chak ane	X
21 lane oswa plis	Fwoti vajinal	Mande PCP w oswa GYN ou	X
50 lane oswa plis	Mamografi	1 fwa chak ane	X
Apre menopòz la	Tès dansite mineral zo	Mande PCP w	X
18 lane oswa plis	Egzamen po ou fè poukont ou	1 fwa chak mwa	X

Laj	Kisa	Kilè	Gason
18 lane oswa plis	Egzamen retin pou moun ki dyabetik (egzamen je pou moun ki dyabetik)	1 fwa chak ane	X
18 lane oswa plis	Tès enfeksyon ki transmèt nan rapò seksyèl (STI)	Mande PCP w	X
18 lane oswa plis	Egzamen testikil ou fè poukont ou	1 fwa chak mwa	X
55 – 69 (40 – 69 si se Afwo-Ameriken ou ye ak/ oswa si gen plizyè moun nan fanmi w ki te gen kansè pwostat)	Antijèn espesifik pou pwostat la (PSA)	Mande PCP w	X

Sous:

¹“Health Screenings for Men” (laj 18 rive 39 lane, 40 rive 64 lane ak 65 lane oswa plis), MedlinePlus, U.S. National Library of Medicine, https://web.archive.org/web/20250115012804mp_/https://medlineplus.gov/menshealth.html, yon resous nou te konsilte nan dat 14 ak 15 janvyè 2025.

²“Health Screenings for Women” (laj 18 rive 39 lane, 40 rive 64 lane ak 65 lane oswa plis), MedlinePlus, U.S. National Library of Medicine, <https://web.archive.org/web/20241214035520/www.medlineplus.gov/womenshealthcheckup.html>, yon resous nou te konsilte nan dat 14 avril 2025.

Pran plezi anba solèy la: rete an sekirite nan dlo a

Lè li fè cho anpil, ou ka amize w epi rete fre nan pisin nan! Selon sa American Academy of Pediatrics la fè konnen, neye se premye bagay ki lakòz timoun ki gen 1 rive 4 lane yo mouri, epi se youn nan pi gwo bagay ki lakòz adolesan yo mouri tou. Timoun yo gendwa sèvi ak yon ti pisin ou met van ladan l, yon gwo pisin ki chita anlè tè a, yon gwo pisin ki fè fon nan tè a oswa yon lak ki toupre lakay la, men gen danje nan chak ka. Rete enfòm epi aprann pitit ou yo pou yo rete an sekirite nan dlo a se ta dwe priyorite w.



Men kèk konsèy pou rete an sekirite:¹

- Pisin yo ta dwe gen yon kloti ki antoure yo nètale avèk yon ti pòt ki klete.
- Timoun piti yo renmen gwo jwèt pou pisin ou met van ladan yo. Pa kite jwèt sa yo nan dlo a epi ranje yo yon kote ki gen sekirite lè timoun yo pa p itilize yo.
- Naje sèlman lè gen yon pwofesyonèl pou siveye moun ki nan dlo yo.
- Siveye timoun yo ak moun ki pa konn naje byen yo ak anpil atansyon.
- Naje ansanm ak yon lòt moun. Toujou rete ak moun sa a.
- Suiv kou natasyon pou timoun ak adilt.
- Evite pran sibstans lè w ap siveye yon timoun k ap jwe bò yon dlo.
- Antanke adilt k ap siveye timoun yo, evite distrè.
- Mete yon vès sovtaaj sou ou.
- Lè ou prale, veye pou yon lòt adilt vin ranplase w.
- Si yon erè fèt, li ka koute yon moun lavi li. Suiv yon kou reanimasyon kadyopilmonè (CPR) epi pran kou sa a plizyè fwa ankò pou ou pa bliye teknik sa a.

Nou gen kèk pwogram sante espesyal pou ou

AmeriHealth Caritas Ohio genyen yon seri pwogram pou ede w rete an sante san sa pa koute w anyen. Pwogram sa yo enteraktif: W ap travay dirèkteman avèk yon jesyonè swen k ap ede jwenn pi bon sèvis ak enfòmasyon ou bezwen pou sante w. Ou pa bezwen pou okenn doktè refere w!

Nou ofri pwogram sante espesyal ki vin annapre yo pou ede manm nou yo:

- Dyabèt
- Gwosès
- Kowòdinasyon swen
- Jesyon dosye konplèks (pou plizyè pwoblèm sante kwonik)
- Lòt pwogram espesyal (dantè, manje antanke medikaman, jesyon doulè ak vizyon)

PCP w, espesyalis ou oswa yon lòt pwofesyonèl sante ka fè w konnen ki jan ou ka patisipe nan yon pwogram. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou patisipe, ou kapab:

- Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, 7 jou sou 7. Epitou, PCP w ka rele ekip sèvis pou manm yo pou jwenn plis enfòmasyon.
- Konekte sou pòtay pou manm nou an sou **<https://memberportal.amerihealthcaritasoh.com/apps/userauth/log-in.aspx>**. Ale nan **Enroll in a Special Program**.



¹“Drowning Prevention and Water Safety,” American Academy of Pediatrics, <https://www.aap.org/en/patient-care/drowning-prevention-and-water-safety>, yon resous nou te konsilte nan dat 2 avril 2025.

Èske ou konnen dwa w yo?

Antanke manm AmeriHealth Caritas Ohio, ou genyen kèk dwa ak responsablite. Pa egzanp, ou gen dwa pou:

- Fè rekòmandasyon sou dwa ak responsablite manm AmeriHealth Caritas Ohio yo genyen yo.
- Resevwa tout sèvis AmeriHealth Caritas Ohio sipoze bay.
- Resevwa tout enfòmasyon ki disponib sou sèvis, pwofesyonèl ak etablisman sante AmeriHealth Caritas Ohio yo.
- Jwenn yon tretman kote y ap respekte w e y ap respekte diyite w ak lavi prive w.
- Konnen y ap kenbe enfòmasyon ki nan dosye medikal ou yo konfidansyèl.
- Jwenn enfòmasyon sou sante w. Epitou, enfòmasyon sa yo gendwa disponib pou yon moun:
 - Ki jwenn yon otorizasyon legal nan men w pou jwenn enfòmasyon sa yo
 - Ou deziyen pou nou kontakte l nan ka ijans lè li pa nan enterè sante w pou nou ba w enfòmasyon sa yo
- Pale sou diferan opsyon ou genyen an rapò ak tretman ki nesèse pou rezon medikal pou pwoblèm sante w, kèlkeswa sa tretman an koute oswa sa plan an kouvri.
- Patisipe ansanm ak pwofesyonèl sante yo nan desizyon sou swen sante w yo.
- Patisipe nan desizyon sou swen sante w yo, depi desizyon sa yo nan enterè w.

Enskri nan komite konsiltatif pou manm yo ak fanmi yo epi patisipe nan yon reyinyon pou jwenn \$25 anplis sou kat CARE w la!

Reyinyon sa yo ba w posiblite pou fè nou konnen sa ou panse sou pwogram ak sèvis nou ofri yo. Si w bezwen transpòt pou asiste, rele konpayi transpò nou angaje a nan **1-833-664-6368**. Si w gen kesyon oswa si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.amerhealthcaritasoh.com/member/eng/rights/advisorycouncil.aspx.

Èske ou konnen responsablite w yo?

- Bay AmeriHealth Caritas Ohio ak doktè w yo tout enfòmasyon yo bezwen yo pou ba w swen.
- Suiv enstriksyon doktè w ba w yo pou swen w yo epi trete pwofesyonèl sante w yo avèk respè ak jantiyès.
- Aprann tout sa ou kapab sou sante w pou w ka jwe yon wòl aktif nan swen w yo.

Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**), 24 sou 24, 7 jou sou 7, pou mande yon vèsyon enprime pou dokiman ki esplike dwa ak responsablite w yo. Nou kapab voye yon vèsyon enprime ba w pa lapòs nan lespas senk jou biznis san sa pa koute w anyen. Pou konsilte yon lis ki mansyone tout dwa ak responsablite w yo, tanpri ale sou www.amerhealthcaritasoh.com/member/eng/rights/index.aspx.

Avi sou pratik konfidansyalite yo

Nou bay lavi prive w anpil enpòtans! Mou pran anpil prekosyon pou itilize enfòmasyon pèsònèl ou yo kòm sadwa e pou pwoteje yo. Pou sa ki konsène enfòmasyon sante w yo, ou gen dwa pou:

- Jwenn yon kopi dosye medikal ou a ak demann ranbousman w yo.
- Mande nou korije dosye medikal ou a ak demann ranbousman w yo.
- Mande kominikasyon ki konfidansyèl.
- Mande nou limite enfòmasyon nou pataje yo.
- Jwenn yon lis ki gen tout moun nou te bay enfòmasyon w yo.
- Jwenn yon kopi avi konfidansyalite sa a.
- Chwazi yon moun pou reprezante w.
- Depoze yon plent si w panse yo pa t respekte dwa w genyen pou yo respekte lavi prive w.

Ou kapab depoze yon plent si w panse nou te pase dwa w yo anba pye. Pou fè sa, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**), 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Lalwa entèdi zak diskriminasyon

AmeriHealth Caritas Ohio respekte tout lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou, san wete karakteristik seksyèl ou yo, tankou karaktèistik entèseksyèl; gwosès oswa yon eta sante ki gen rapò ak gwosès; oryantasyon seksyèl; idantite jan ak esterewotip seksyèl (ann amoni ak fason yo defini diskriminasyon sou baz sèks la nan 45 CFR § 92.101(a)(2)). AmeriHealth Caritas Ohio pa mete pèsonn sou kote ni li pa trete pèsonn yon fason ki pi mal akòz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, laj yo, andikap yo oswa sèks yo.

AmeriHealth Caritas Ohio bay moun ki andikape yo modifikasyon ki rezonab avèk èd ak sèvis oksilyè ki apwopriye e ki gratis pou ede yo kominike avèk nou yon fason ki efikas, tankou entèprèt konpetan nan lang siy ak enfòmasyon nan lòt fòm (gwo karaktè, fòm odyo, fòm elektwonik aksesib ak lòt fòm ankò). AmeriHealth Caritas Ohio bay moun ki pa fò nan anglè yo sèvis gratis pou ede yo nan lang pa yo, tankou entèprèt konpetan ak enfòmasyon ki ekri nan lòt lang. Si w bezwen yon modifikasyon rezonab, yon èd oswa yon sèvis oksilyè ki apwopriye, oubyen sèvis pou ede w nan lòt lang, kontakte ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Ohio yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Si w panse AmeriHealth Caritas pa t bay sèvis sa yo oswa si w panse li te fè yon lòt kalite diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks, ou ka depoze yon reklamasyon bay kowòdinatè dwa sivil yo pa lapòs, nan telefòn oswa sou Entènèt.

Lapòs: AmeriHealth Caritas Ohio
Attn: Civil Rights Coordinator
P.O. Box 7133
London, KY 40742
Telefòn: **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**
Entènèt: **<https://apps.amerihealthcaritasoh.com/securecontact/index.aspx>**

Si w bezwen èd pou depoze yon reklamasyon, kowòdinatè dwa sivil AmeriHealth Caritas la disponib pou ede w. Ou ka depoze yon plent sou dwa sivil bay Biwo Dwa Sivil la, ki fè pati Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, pa mwayen elektwonik, sou pòtay pou plent Biwo Dwa Sivil la ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen lèt oswa nan telefòn

Lapòs: U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
Telefòn: **1-800-368-1019 (TDD 1-800-537-7697)**
Entènèt: **www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html**

AmeriHealth Caritas Ohio detèmine pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pèsònèl manm plan l yo. Jwenn plis enfòmasyon sou pratik konfidansyalite nou yo sou **www.amerihealthcaritasoh.com/privacy-notice.aspx**

Avi sa a disponib sou sitwèb AmeriHealth Caritas Ohio a tou **www.amerihealthcaritasoh.com**.



Si w gen difikilte pou li oswa pou konprann enfòmasyon sa yo oswa nenpòt lòt enfòmasyon AmeriHealth Caritas Ohio bay, tanpri kontakte ekip sèvis pou manm nou yo pou jwenn èd nan nimewo gratis 1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446), 24 sou 24, 7 jou sou 7, san sa pa koute w anyen (gratis). Rele si w ta renmen jwenn:

- Sèvis entèpretasyon oswa tradiksyon oral
- Èd ak sèvis oksilyè
- Enfòmasyon ki ekri nan yon lang ki pa anglè
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòm, tankou ekriti bray oswa gwo karaktè

English ATTENTION: If you do not speak English, language assistance services, free of charge, are available to you. Call **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Spanish ATENCIÓN: Si habla español, tiene a su disposición servicios de asistencia lingüística sin cargo. Llame al **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Haitian French Creole ATANSYON: Si w pale kreyòl ayisyen, genyen sèvis pou ede w nan lang pa w ki disponib gratis pou ou. Rele nan **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Ukrainian УВАГА: Якщо ви говорите українською мовою, ви маєте право на безкоштовні мовні послуги. Телефонуйте за номером **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Nepali/Nepalese (Nepal) ध्यान दिनुहोस्: यदि तपाईं नेपाली भाषा बोल्नुहुन्छ भने तपाईंका निम्ति भाषासम्बन्धी सहयोग सेवाहरू निःशुल्क रूपमा उपलब्ध हुन्छन् । **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) मा फोन गर्नुहोस् ।

Arabic تنبيه: إذا كنت تتحدث العربية، تتوفر خدمات المساعدة اللغوية لك مجاناً. اتصل بالرقم **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Somali FIIRO GAAR AH: Haddii aadan ku hadlin Af-Soomaali, adeegyada caawimaada luqadda oo bilaash ah, ayaa diyaar kuu ah. Wac **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Russian ВНИМАНИЕ: если вы говорите по-русски, в вашем распоряжении бесплатные услуги переводчика. Позвоните по тел. **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Swahili TAHADHARI: Ikiwa huzungumzi Kiswahili, utapokea huduma za usaidizi wa lugha, bila malipo. Piga simu kupitia **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

French ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'aide linguistique sont mis à votre disposition gratuitement. Appelez-nous au **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Kinyarwanda (Burundi) MENYA NEZA: Nimba uvuga Ikirundi (Burundi), ama seruvise afasha mu vy'indimi, atangwa ku buntu, arahari ku bwanyu. Hamagara kuri **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Uzbek (Uzbekistan) DIQQAT: Agar ingliz tilida gapirmasangiz, siz uchun bepul til yordam xizmatlari mavjud. **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) ga qo'ng'iroq qiling.

Pashtu (Afghanistan)

توجه: که تاسې په پښتو ژبه غږېږئ، د ژبې د مرستې وړیا خدمتونه ستاسې لپاره موجود دي. دې **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) شمېرې ته زنگ ووهئ.

Vietnamese CHÚ Ý: Nếu quý vị nói Tiếng Việt, chúng tôi có sẵn dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho quý vị. Hãy gọi **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**).

Tigrinya ኣስተውዕል :- ቋንቋ ትግርኛ ዘይትዘረብ እንተደኣ ኹንኩ ብናጻ ዝወሃብ ኣገልግሎት ሓገዝ ንዓኻ ክፋት እዩ። ናብ **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) ደውል።

Dari (Afghanistan)

توجه: اگر به لسان افغانی گپ میزنید، خدمات مساعدت لسانی به صورت رایگان به شما ارایه میشود. با نمبر **1-833-764-7700** (TTY **1-833-889-6446**) به تماس شوید.



Kèk nimewo telefòn ki enpòtan pou w sere:

- **Ekip sèvis pou manm yo: 1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**
Rele pou jwenn repons pou kesyon ou genyen sou benefis ou yo. Li ka ede w jwenn yon doktè, pran randevou, mande yon sèvis transpò ak plis bagay toujou.
- **Liy asistans enfimye: 1-833-625-6446 (TTY 1-833-889-6446)**
Rele pou pale avèk yon enfimye si w bezwen konsèy nan domèn sante lè doktè w pa disponib.
- **Transpò: 1-833-664-6368**
Rele pou mande, anile oswa jere sèvis transpò w.
- **Sipò pou sante konpòtmantal: 1-800-720-9616**
Rele Ohio CareLine pou pale avèk yon pwofesyonèl sante konpòtmantal yon fason ki konfidansyèl.
- **Liy asistans pou ka suid ak kriz: 988**
Rele, voye mesaj oswa pale sou Entènèt pou jwenn yon sipò ki gratis e ki konfidansyèl epi pou jwenn resous pou prevansyon oswa pou jere sitiyasyon kriz yo, ni pou tèt ou, ni pou moun ki pwòch ou yo.
- **Si w an danje oswa si w bezwen yon atansyon medikal tousuit, rele 911.**

Nou vle rete an kontak avè w!

Èske kowòdone w yo ajou? Fè nou konn sa!
Pou mete kowòdone w yo ajou, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Tout imaj nou itilize anba lisans e se pou ilistre sa n ap di yo nou itilize yo sèlman. Nenpòt moun ki sou imaj sa yo se yon modèl li ye.